

KONSTWI FASON RESPONSAB POU PRAN DESIZION POU PITIT OU

Abilite yon ti moun pou li fè siksè nan lekòl, nan kolèj, e nan travay, e pou acheve bonè dirab pral depann sou abilite Li pou pran bon jan desizyon. Elèv ki aprann pou fè chwa konstruktif sou konduit pèsonèl e entèaksyon sosyal ki baze sou estanta etik, enkyetid sou pwoteksyon, e òm sosyal, epi pou evalye konsekans sou divès aksyon yon fason reyalis, e gen yon konsiderasyon pou byennèt yo ak lòt moun, epi yo sou wout pou siksè alavni. Nan lekòl, yo ansenye elèv kòman pou idantifye pwoblèm, analize sityasyon nan yon varyete ang e metòd pou aplikasyon solisyon yon fason pou rezoud pwoblèm. Elèv gen yon opòtinite nan lekòl pou reflete sou dilèm etik e moral ki genyen rapò ak desizyon e evalye sa ki pase e kisa ki kapab chanje e amelyore nan pwochèn opòtinite pou pran desizyon.

Paran e fanmi se patnè kritik nan ede pitit yo devlope konpetans relasyon. Resous ofri gid, zouti, e aktivite pou paran e fanmi pou ede pitit yo devlope Enstriksyon Emosyonèl Sosyal (SEL) lakay.

OPÒTINITE POU MONTRE MOUN PRAN DESIZYON RESPONSAB

- **Obsève.** Angaje pitit ou pou obsève anviwòman yo pou avize entèaksyon sosyal, pou pran desizyon oswa menm pou obsève enkyetid anviwònmanal. Sa a pral pèmèt timoun trete sityasyon pou kont yo avèk gid parantal pou rekonèt pwoblèm e solisyon posib.
- **Chita e Panse.** Lè yon pwoblèm rive, ankouraje pitti ou pou poze e analize desizyon oswa konpòtman ki lakoz pwoblèm nan yon fason pou yo aprann e konprann kòman pwoblèm kòmanse, trete wòl yo e pran yon desizyon ki pi responsab.
- **Plan Imaj Mi Opsyon.** Ede pitti ou brase lide sou tout chwa posib e konekte yo avèk rezilta posib nan yon tiraj oswa tablo. Poste li pou ede gide yo nan pran desizyon eklere alavni.
- **Pyebwa Desizyon.** Itilize yon Pyebra Desizyon Si/Alò pou ede pitit ou a antisipe opsyon sou desizyon pou sityasyon espesifik. Enkli tout avni posib e repèkasyon nan kat jewografik la pou gide yo fè bon chwa.
- **Modèl Refleksyon sou Desizyon.** Bay pitit ou opòtinite pou reflete sou chwa yo e evalye pètinans yo pou vin pi serye sou desizyon yo alavni.



SWARE SINEMA FANMI

The Lion King (1994, rated PG)

Rebelyon yon jenn lyon montre li yon seri leson ki retounen li plis nan rasin orijin li. Pafwa responsablite pa pasil, men rezilta final la ankourajan. Avèk tèm lwayote e amitye, se dilèm desizyon moral e etik ak kesyon ki asosye ki gen rapò ak responsablite e pran desizyon ki nan mitan film nan.

A Bug's Life (1998, rated G)

Lè yo anvayi yon koloni founi, yo reponn e yo mòde anvayisè yo. Li òganize yon efò pou defann kwayans yo. Film sa a enspire endividalite, kouraj e dilijans lè yon kondisyon mande pou nou leve vwa nou. desizyon responsab kapab difisil men film sa a montre nou ke lè ou ap fè bagay ki bon, men an reyalyte, fè bagay ki bon.

Brave (2012, klase PG)

Etabli an Eskòs nan yon wobis e mistik, avèk yon prens Ekosè vizè enspire e fiy fougè e lwayal. Li fè yon chwa enpridan ki lakoz peril envolontè e fòse li pase alaksyon pou mete bagay nan wòl yo. Tèm ki gen karakteristik brav sou endepandans, oto-efikasite e dilijans pou asire ke yo satisfè rezilta final la lè objektif la se pou korije yon fot.

Spiderman (2002, klase PG-13)

Yon gwo puisans genyen gwo responsablite. Pandan li fè fas ak gwo obstak otanke yon ti gason adolesan, li triyonfe e li vin yon ewo ki genyen yon responsablite pou pwoteje sitwayen yo.



POU KÒMANSE DISKISYON

PWOFESÈ PRAN DESIZYON RESPONSAB ATRAVÈ LITERATI

ELEMANTÈ

My Choices Make Me Who I Am pa Mutiya e David Vision

Istwa sa a entwodui konsèp sou responsablite e obligasyon kòm yon timoun aprann valè ki gen nan fè chwa konsyan ki fòme e defini destine li nan yon sans pozitif. Gid yon paran ansanm avèk liv sa a, kapab enspire timoun nan yon fason efikas pou fè bon chwa.

1. Ki kèk chwa ke ou fè chak jou?
2. Ki kèk nan bagay ou kapab fè pou ede ou fè chwa saj?
3. Ki kèk nan chwa difisil ke ou kapab genyen pou fè ou sanble moun ou ye a?

Stanley and the Class Pet pa Barney Saltzberg

Finalman! Se tou pa Stanley pou mennen zannimo domestik lekòl la lakay pou wikenn nan. Li pa kapab tann pou montre manman li Figgy e pou pase bon tan pran swen zwazo a, men lè Figgy vole poulaye a, Stanley fè fas avèk yon pwoblèm difisil. Kisa pou li fè? E fot kiyès li ye, reyèlman? Eske se fot li, paske li dakò pou louvri kaj Figgy, ke li te konnen ki pat yon bon ide, oswa se fot Larry Finchfeather paske li te sijere sa?

1. Stanley te konnen ke ouvri kaj Figgy pa te yon bon ide. Ki kèk nan rezon ki te fè li decide pou fè sa menm ojis?
2. Diskite presyon kondisip. Ki kèk mwayen ke moun bay vag ak presyon kondisip?
3. Kiyès ou panse ki responsab pou desizyon ke Stanley te pran? Poukisa?

Froggy Gets a Doggy by Jonathan London

Manman dakò: Froggy kapab gen yon zannimo domestik. Yo pase nan yon magazen ki vann zannimo domestik. Manman prefere yon lapen oswa kèk sourit. Men Froggy ak sè li, Pollywogilina, mete lespri yo sou yon ti chen. Lè doggy a wè ti chen an avèk gwo zye mawon li, li plenyen pou ale lakay avèk li. Froggy pwomèt li pral pran swen Doggy, mete yon kolye nan kou li, pwonmenen ak li, e montre li chita e mande. Doggy pwouve li pi di ke Froggy te antisipe...

1. Ak kisa Froggy te panse lalin nan sanble?
2. Pou mentni yon zannimo domestik se yon gwo responsablite. Poukisa li se yon gwo responsablite?
3. Ki kèk nan lòt bagay ki yon gwo responsablite?

SEGONDÈ

The Forgetting Spell pa Lauren Myracle

Pifò moun nan Willow Hill panse Darya se li ki pi iritab nan sè Blok. Sa yo pa reyalize se ke andedan, Darya soup e kolan pou santi tout bagay. Lè Darya gen trèz an, gonm nan vin pi kole e pannanstan Jou Souwè Darya ap pwoche, tout sa li vle se bliye tradisyon ridikil ki te egziste yo. Di zan pase, manman Darya te eklate tout fanmi yo migan pousyè. Ane dènye, sè Darya, Natasha te swete pou mòso manman yo a retounen. Ane sa a, Darya te genyen yon chans pou swete pati nan pase a, e kiyès ki pa ta bezwen fè sa? Darya, kiyès sa! Ou ta sipoze kite sa ki pase dèye. Se rezon sa yo fè Darya prèske fèmen e kache memwa douloure li lwen nan espri li, kote li kapab pa blese ankò. Lè kèk nan yo kòmanse kouri, Darya reyalize desizyon sou kisa pou swete e kisa ou pa swete pwobabman se chwa ki pi enpòtan nan lavi li.

1. Eske ou janmen nan pozisyon pou pran yon desizyon enpòtan ki kapab lakoz enpak nan tout lavi ou?
2. Ki bagay ou konsidere lè ou ap pran yon desizyon difisil?
3. Kisa ki ta kapab kèk estrateji ou kapab itilize pou ede ou pran desizyon difisil?

Inside Out: Real Stories about the Inner Choices That Shape Our Lives pa Chandler DeWitt

Yon tèks yon timoun ekri avèk pèspektiv otantik sou chwa jenn timoun fè ki konstwi oswa detri karaktè. Venn-sis chapit ki korele ak trè karaktè ki rekonèt nasyonalman pou figire kesyon diskisyon e oto refleksyon ak aktivite jounalizasyon, dezinye pou ede lanse kominikasyon kondisip-kondisip e paran-timoun.

It's Your Decision for Teens: A Common Sense Guide to Making Better Choices pa Al Foderaro e Denise Schmidt

Ane adolesans se yon jan de pon ant yon timoun e devni yon adilt. Plis yon adolesan kapab pran desizyon pi byen, se plis yo kapab satisfè nan lavi adilt yo. Plis efò yon adilt adolesan kapab fè pou pran bon desizyon akademik e karyè, se plis lavni yo pral briye. Liv sa a pral ede adolesan pran pi bon desizyon, li pral ede yo konprann pwosesis pou pran desizyon. Yo pral aprann apwòch pratik, bon sans pou ede yo pran bon desizyon inisyal konsènan edikasyon yo, domèn yo chwazi pou etidye, pi bon chwa karyè, relasyon, anviwònman pou viv e pou travay kote yo pase tan yo, kalite sante e byennèt yo e kòman yo chwazi pase lavi yo. Aprann pou pran pi bon desizyon pral ba yo yon sans satisfaksyon e ogmante konfidans yo nan chwa yo pran lè yo wè rezilta pozitif. Sa a pral ede yo aksepte responsablite pou pran desizyon akademik, karyè, e pèsònèl ki ap rete tann yo.